ꦱꦫꦠ꧀ ꦮꦺꦢ꧀ꦣꦃꦠꦩ
ꦱꦫꦠ꧀ ꦮꦺꦢ꧀ꦣꦃꦠꦩ

Serat Wedhatama



KGPAA Mangkunegara IV

ꦯꦼꦫꦠ꧀ ꦮꦺꦢ꦳ꦠꦩ

Serat Wedhatama



KGPAA Mangkunegara IV


ꦱꦼꦫꦠ꧀ ꦮꦺꦢꦲꦠꦩ

Serat Wedhatama


KGPAA Mangkunegara IV

ꦥꦸꦒꦏꦸꦂ ꦱꦶꦤꦺꦴꦩ ꦥꦸꦕꦸꦁ ꦒꦩ꧀ꦧꦸꦃ


(PANGKUR, SINOM, PUCUNG, GAMBUH)



(1. PANGKUR)




mingkar-mingkuring angkara | akarana karenan mardi siwi |
sinawung resmining kidung | sinuba sinukarta |
mrih kretarta pakartining ngèlmu luhung |
kang tumrap nèng tanah Jawa |
agama ageming aji ||




jinejer nèng Wédhatama | mrih tan kemba kakembenging pambudi | mangka nadyan tuwa pikun | yèn tan mikani rasa | yekti sepi asepa lir sepah samun | samangsané pakumpulan | gonyak-ganyuk nglilingsemi ||


gugu karsané priyangga | nora nganggo peparah lamun angling | lumuh ingaran balilu | uger guru aleman | nanging janma ingkang wus waspadèng semu | sinamun ing samudana | sesadon ingadu manis ||




si pengung nora nglegéwa | sangsayarda dènira cecariwis | ngandhar-andhar angandhukur | kandhané nora kaprah | saya élok alangka longkanganipun | si wasis waskitha ngalah | ngalingi marang si pingging ||



mangkono ngèlmu kang nyata | sanyatané mung wèh reseping ati | bungah ingaranan cubluk | sukèng tyas yèn dèn ina | nora kaya si punggung anggung gumunggung | ugungan sadina-dina | aja mangkono wong urip ||




uripé sapisan rusak | nora mulur nalaré ting saluwir | kadi ta guwa kang sirung | sinerang ing maruta | gumarenggeng anggereng anggung gumrunggung | pindha padhané si mudha | prandéné paksa kumaki ||




kikisané mung sapala | palayuné ngandelken yayah wibi | bangkit tur bangsaning luhur | lah iya ingkang rama | balik sira sarawungan baé durung | mring tataning tata krama | gon-anggon agama sukci ||

socaning jiwangganira | jer katara lamun pocapan pasthi | lumuh asor kudu unggul | sumungah sesongaran | yèn mangkana kena ingaran katungkul | karem ing rèh kaprawiran | nora énak iku kaki ||

kekerané ngèlmu karang | kekarangan saking bangsaning gaib | iku borèh paminipun | tan umasuk ring jasad | amung anèng sajabaning daging kulup | yèn kapengkok pancabaya | ubayané balénjani ||




marma ing sabisa-bisa | bebasané muriha tyas basuki | puruhitaa kang patut | lan taping angganira | ana uga angger ugering kaprabun | abon-aboning panembah | kang kanggo ing siyang ratri ||




iku kaki takokena | marang para sarjana kang martapi | mring tapaking tepa tulus | kuwawa nahen hawa | wruhanira mungguh sanyataning ngèlmu | tan pasthi nèng janma wredha | tuwin nèng janma taruni ||


sapantuk wahyuning Allah | gya dumilah mangolah ngèlmu bangkit | bangkit mikat rèh mangukut | kukutaning jiwangga | yèn mangkono kena sinebut wong sepuh | liring sepuh sepi hawa | awas roroning atunggil ||




tan samar pamoring suksma | sinuksmaya winahya ing asepi | sinimpen telenging kalbu | pambukaning warana | tarlèn saking liyep layaping aluyup | pindha pesating supena | sumusup ing rasa jati ||




sajatiné kang mangkana | wus kakenan nugrahaning Hyang Widhi | bali alaming asuwung | tan karem karaméan | ingkang sipat wisésa-winisésa wus | mulih mula-mulanira | mulané wong anom sami ||




(2. SINOM)




nulada laku utama | tumrapé wong tanah Jawi | wong agung ing Ngèksiganda | Panembahan Sénapati | kapati amarsudi | sudaning hawa lan nepsu | pinesu tapa brata | tanapi ing siyang ratri | amemangun karyénak tyasing sasama ||




samangsané pasamuwan | memangun marta martani | sinambi ing saben mangsa | kala-kalaning asepi | lelana tèki-tèki | gayuh géyonganing kayun | kayungyun eninging tyas | sanityasa pinrihatin | pungguh-panggah cegah dhahar lawan néndra ||




saben méndra saking wisma | lelana laladan sepi | ngingsep sepuhing sopana | mrih pana pranawèng kapti | titising tyas marsudi | mardawaning budya tulus | mesu rèh kasudarman | nèng tepining jalanidhi | sruning brata kataman wahyu dyatmika ||




wikan wengkuning samudra | kèderan wus dèn ideri | kinemat kamoting driya | rinegem sagegem dadi | dumadya angratoni | nenggih Kangjeng Ratu Kidul | dedeg gayuh gegana | umara marak maripih | sor prabawa lan Wong Agung Ngèksiganda ||




dahat dènira aminta | sinupeket pangkat kanthi | jroning alam palimunan | ing pasaban saben sepi | sumanggem anyanggemi | ing karsa kang wus tinamtu | pamrihé mung aminta | supangaté tèki-tèki | nora kétang teken janggut suku jaja ||




prajanjiné abipraya | saturun-turuning wuri | mangkono trahing awirya | yèn amasah mesu budi | dumadya glis dumugi | iya ing sakarsanipun | Wong Agung Ngèksiganda | nugrahané praptèng mangkin | trah tumerah darahé padha wibawa ||




ambawani tanah Jawa | kang padha jumeneng aji | satriya dibya sumbaga | tan lyan trahing sénapati | pan iku pantes ugi | tinélad labetanipun | ing sakuwasanira | énaké lan jaman mangkin | sayektiné tan bisa ngepleki kuna ||



lowung kalamun tinimbang | ngaurip tanpa prihatin | nanging ta ing jaman mangkya | pra mudha kang dèn karemi | manélad nélad Nabi | nayakèng rat Gusti Rasul | anggung ginawé umbag | saben séba mampir masjid | ngajap-ajap muhjijat tibaning drajat ||




anggung anggubel saréngat | saringané tan dèn wruhi | dalil dalaning ijemak | kiyasé nora mikani | katungkul-tungkul sami | béngkrakan mring masjid agung | kalamun maca kutbah | lelagoné dhandhanggendhis | swara arum ngumandhang céngkok palaran ||



lamun sira paksa nélad | tuladaning Kangjeng Nabi | o gèr kadohan panjangkah | wateké tan betah kaki | rèhné ta sira Jawi | sathithik baé wus cukup | aja guru aleman | nélad kas ngeblegi pekih | lamun pengkuh pangangkah yekti karamat ||


nanging énak ngupa boga | rèhné ta tinitah langip | apa ta suwitèng nata | tani tanapi agrami | mangkono mungguh mami | paduné wong dahat cubluk | durung wruh cara Arab | Jawané baé tan ngenting | parandéné paripeksa mulang putra ||

saking duk maksih taruna | sadhéla wus anglakoni | abérag marang agama | maguru anggering kaji | sawadiné tyas mami | banget wediné ing bésuk | pranatan ngakir jaman | tan tutug kaselan ngabdi | nora kober sembahyang gya tinimbalan ||




marang ingkang asung pangan | yèn kasuwèn dèn dukani | abubrah bawur tyas ingwang | lir kiyamat saben ari | bot Allah apa Gusti | tambuh-tambuh solah ingsun | lawas-lawas grahita | rèhné asuta priyayi | yèn mamriha dadi kaum temah nistha ||


tuwin ketib suragama | pan ingsun nora winaris | angur baya ngantepana | pranatan wajibing urip | lampahan angleluri | aluraning pra leluhur | kuna-kumunanira | kongsi tumekèng samangkin | kikisané tan lyan amung ngupaboga ||




bonggan kang tan merlokena | mungguh ugering ngaurip | uripé lan tri prakara | wirya arta tri winasis | kalamun kongsi sepi | saka wilangan tetelu | telas tilasing janma | aji godhong jati aking | temah papa papariman ngulandara ||




kang wus waspada ing patrap | mangayut ayat winasis | wusana wosing jiwangga | melok tanpa aling-aling | kang ngalingi kalingling | wenganing rasa tumlawung | kèksi saliring jaman | angalangut tanpa tepi | yèku aran tapa tapaking Hyang Suksma ||




mangkono janma utama | tuman tumanem ing sepi | ing saben ri kala mangsa | mangsah amemasuh budi | lairé anetepi | ing rèh kasatriyanipun | susila anor raga | wignya mèt tyasing sesami | yèku aran wong barèk bérag agama ||




ing jaman mengko pan nora | arahé para taruni | yèn antuk tuduh kang nyata | nora pisan dèn lakoni | banjur jujurken kapti | kakèkné arsa winuruk | ngendelken gurunira | pandhitaning praja sidik | tur wus manggon pamucungé mring makripat ||




(3. PUCUNG)



ngèlmu iku kalakoné kanthi laku | lekasé lawan kas | tegesé kas nyantosani | setya budya pangekesé dur angkara ||




angkara gung nèng angga anggung gumulung | gegolonganira | tri loka lekeré kongsi | yèn dèn umbar ambabar dadi rubéda ||




béda lamun wus sengsem rèh ing asamun | semuné ngaksama | sesamané bangsa sisip | sarwa sarèh saking mardi martotama ||

:๘:




taman limut durgamèng tyas kang wèh limput | kèrem ring karamat | karana karoban ing sih | sihing Suksma ngreda saardi gengira ||


:๙:



yèku patut tinulad-tulad tinurut | sapituduhira | aja kaya jaman mangkin | kèh pra mudha mundhi dhiri rapal makna ||



durung pecus kasusu kaselak besus | amaknani rapal | kaya sayid weton Mesir | pendhak-pendhak angendhak gunaning janma ||



kang kadyèku kalebu wong ngaku-aku | akalé alangka | élok Jawané dèn mohi | paksa ngangkah langkah mèt kawruh ing Mekah ||

: ꦮꦼ :

ꦤꦺꦴꦫ ꦮꦼꦫꦸꦃ ꦫꦺꦴꦱ꧀ꦶꦁ ꦫꦱ ꦏꦁ ꦫꦶꦤꦸꦫꦸꦃ |
ꦭꦸꦩꦼꦏꦼꦠꦶꦁ ꦄꦁꦒ |
ꦄꦁꦒꦼꦫꦺ ꦥꦢ ꦩꦂꦱꦸꦢꦶ |
ꦏꦤ ꦏꦺꦤꦺ ꦏꦲꦤꦤꦺ ꦔꦺꦴꦫ ꦧꦺꦢ ||

nora weruh rosing rasa kang rinuruh | lumeketing angga | anggeré padha marsudi | kana kéné kahanané ora béda ||

: ꦲꦲ :

ꦏꦸꦒꦼꦂ ꦭꦸꦒꦸ ꦢꦺꦤ ꦠ ꦩꦿꦶꦃ ꦥꦿꦭꦺꦧꦢꦺꦁ ꦏꦭ꧀ꦧꦸ |
ꦪꦺꦤ ꦏꦧꦸꦭ ꦏꦧꦸꦏ |
ꦄꦁ ꦢꦿꦗꦠ ꦏꦗꦠꦶꦁ ꦈꦫꦶꦥ |
ꦏꦪ ꦏꦁ ꦮꦸꦱ ꦮꦶꦤꦲꦾꦺꦁ ꦱꦺꦏꦂ ꦯ꧀ꦿꦶ ꦤꦛ ||

uger lugu dèn ta mrih pralebdèng kalbu | yèn kabul kabuka | ing drajat kajating urip | kaya kang wus winahyèng sekar sri nata ||

꧈ ꧑꧐ ꧈

ꦧꦱꦔꦺꦭ꧀ꦩꦸꦩꦸꦥꦏꦠꦺꦭꦤ꧀ꦥꦤꦼꦩꦸ꧉
ꦥꦱꦲꦺꦤ꧀ꦠꦥ꧀ꦪꦺꦤ꧀ꦱꦠ꧀ꦫꦶꦪ꧉
ꦠꦤꦃꦗꦮꦶꦏꦸꦤ-ꦏꦸꦤ꧀ꦏꦁꦒꦶꦤꦶꦭꦸꦠ꧀ꦠ꧇ꦫꦶꦥ꧀ꦫꦏꦫ꧉
ꦲꦁꦒꦺꦭ꧀ꦩꦸꦤ꧀ꦏꦺꦭꦁꦒꦤ꧀ꦤꦺꦴꦫꦱꦒꦼꦠꦸꦤ꧀꧉
ꦠꦫꦶꦩꦏꦼꦭꦁꦒꦮꦢꦩꦢꦶ꧉

basa ngèlmu mupakaté lan panemu | pasahé lan tapa | yèn satriya tanah Jawi | kuna-kuna kang ginilut tri prakara ||


꧈ ꧑꧑ ꧈

ꦭꦶꦭꦩꦸꦤ꧀ꦏꦺꦭꦁꦒꦤ꧀ꦤꦺꦴꦫꦒꦼꦒꦼꦠꦸꦤ꧀꧉
ꦠꦫꦶꦩꦏꦼꦭꦁꦒꦮꦢꦩꦢꦶ꧉
ꦩꦱꦶꦏꦶꦤ-ꦏꦶꦤꦠꦩꦤꦫꦱꦱꦿꦲꦶꦁꦧꦛꦫ꧉
ꦠꦫꦶꦭꦺꦒꦮꦤꦭꦁꦱꦱꦠꦫꦶꦪ꧉


lila lamun kélangan nora gegetun | trima yèn kataman | sak-serik samèng dumadi | tri legawa nalangsa srahing bathara ||

bathara gung inguger graning jejantung | jenek Hyang Wisésa | sana pasenetan sukci | nora kaya si mudha mudhar angkara ||


nora uwus karemé anguwus-uwus | uwosé tan ana | mung jangjiné muring-muring | kaya buta buteng betah nganiaya ||



sakèh luput ing angga tansah linimput | linimpeting sabda | narka tan ana udani | lumuh ala ardané ginawé gada ||




durung punjul ing kawruh kaselak jujul | kaseselan hawa | cupet kapepetan pamrih | tangèh nedya anggambuh mring Hyang Wisésa ||




(4. GAMBUH)


samengko ingsun tutur | sembah catur supaya lumuntur | dhingin raga cipta jiwa rasa kaki | ing kono lamun ketemu | tandha nugrahaning Manon ||




sembah raga puniku | pakartiné wong amagang laku | sesuciné akarana saking warih | kang wus lumrah limang wektu | wantu wataking wewaton ||




ing nguni-uni durung | sinarawung wulang kang sinerung | lagi iki bangsa kas metokken anggit | mintokken kawignyanipun | saréngaté élok-élok ||




thithik kaya santri Dul | gajeg kadi santri brai kidul | sauruté Pacitan pinggir pasisir | éwon wong kang padha gugu | anggeré padha nyalemong ||




kasusu arsa weruh | cahyaning Hyang kinira yèn karuh | ngarep-arep kurub arsa dèn kurebi | tan weruh yèn urip iku | akalé kaliru enggon ||




yèn ta jaman karuhun | tata titi lumrah tumaruntun | bangsa sréngat tan winor lan laku batin | dadi nora duwé bingung | kang padha nembah Hyang Manon ||




liré saréngat iku | kena uga ingaranan laku | dhingin ajeg kapindhoné ataberi | pakolihé putraningsun | nyenyeger badan mrih kaot ||




wong seger badanipun | otot daging kulit balung sungsum | tumrahing rah memarah antenging ati | antenging ati nenungku | angruwat ruweting batos ||




mangkono mungguh ingsun | ananging ta sarèhné asnapun | béda-béda panduk panduming dumadi | sayektiné nora jumbuh | tékad kang padha linakon ||




nanging ta paksa tutur | rèhning tuwa tuwasé mung catur | bok lumuntur lantarané ring utami | sing sapa temen tinemu | nugraha geming kaprabon ||



samengko sembah kalbu | yèn lumintu uga dadi laku | laku agung kang kagungan narapati | patitis teteping kawruh | meruhi marang kang momong ||




sukciné tanpa banyu | amung nyenyuda ardaning kalbu | pambukaning tata titi ngati-ati | atetep talatèn atul | tuladan marang waspaos ||




mring jatining pandulu | panduking don dedalan satuhu | lamun lugu legutaning rèh maligi | lagéhané tumalawung | wenganing alam kinaot ||

:ꦏ꧆:




yèn wus kambah kadyèku | sarat sarèh saniskarèng laku | kalakoné saka eneng ening éling | ilanging rasa tumlawung | kono adiling Hyang Manon ||


:ꦏ꧇:




gagaré ngunggar kayun | tan kayungyun mring ayuning kayun | bangsa anggit yèn ginigit nora dadi | marma dèn awas dèn émut | mring pamurunging lelakon ||




samengko kang tinutur | sembah katri kang sayekti katur | mring Hyang Suksma suksmanen saari-ari | arahen dipun kacakup | sembahing jiwa sutèngong ||




sayekti luwih perlu | ingaranan pepuntoning laku | kalakuwan kang tumrap bangsaning batin | sukciné lan awas émut | mring alaming lama amot ||




ruktiné ngangkah ngukut | ngiket ngruket tri loka kakukut | jagad agung ginulung lan jagad cilik | dèn kandel-kumandel kulup | lan kilaping ngalam kono ||




kelemé mawa limut | kalamatan jroning ngalam kanyut | sanyatané iku kanyataan kaki | sajatiné yèn tan émut | sayekti tan bisa amor ||




pamète saka luyut | sarwa sarèh saliring panganyut | lamun yitna kayitnan kang miyatani | tarlèn mung pribadinipun | kang katon tinonton kono ||




nging aywa salah surup | kono ana sajatining urup | yèku urup pangarep uriping budi | sumirat serat narawung | kadya kartika katongton ||




yèku wenganing kalbu | kabuka ta kang wengku-winengku | wewengkoné wus kawengku nèng sirèki | nging sira uga winengku | mring kang pindha kartika byor ||



samengko ingsun tutur | gantya sembah ingkang kaping catur | sembah rasa karasa rosing dumadi | dadiné wus tanpa tuduh | mung kalawan kasing batos ||



kalamun durung lugu | aja pisan wani ngaku-aku | antuk siku kang mangkono iku kaki | kena uga wenang muluk | kalamun wus padha melok ||



meloké ujar iku | yèn wus ilang sumelanging kalbu | amung kandel-kumandel ngandel ing takdir | iku dèn awas dèn émut | dèn memet yèn arsa momot ||